

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda téh kacida pentingna pikeun dilestarikeun, lantaran kaayaan basa Sunda kiwari geus jarang dipaké. Salahsahiji tarékah pikeun numuwuhkeun kareueus kana basa Sunda nya éta ku cara ngalarapkeun basa Sunda unggal poé Rebo atawa “Rebo Nyunda” disakola-sakola, sangkan siswa teu ngarasa ahéng jeung karagok deui kana basa Sunda. Makéna basa Sunda “bisa” lantaran geus “biasa” dipaké atawa aya tarékah pikeun dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

Dumasar kana hasil obsérvasi, tina data anu dicangking di SMPN 16 Bandung taun ajaran 2015/2016 rata-rata aya 34,12% siswa kelas VIII tina 293 jalma anu teu bisa nyarita jeung nulis basa Sunda balukar tina B1-na lain basa Sunda téa, sarta jumlah perséntasi pangréana aya di kelas VIII-B nya éta 51,35%, sakumaha hasil obsérvasi saméméhna bisa dicindekkeun yén jumlah siswa kelas VIII-A aya 33,33% tina 36 urang nu teu bisa maké basa Sunda, jumlah siswa kelas VIII-B aya 51,35% tina 37 urang nu teu bisa maké basa Sunda, jumlah siswa kelas VIII-C aya 25% tina 36 urang nu teu bisa maké basa Sunda, jumlah siswa kelas VIII-D aya 40,54% tina 37 urang nu teu bisa maké basa Sunda, jumlah siswa kelas VIII-E aya 27,02% tina 38 urang nu teu bisa maké basa Sunda, jumlah siswa kelas VIII-F aya 28,94% tina 37 urang nu teu bisa maké basa Sunda, jumlah siswa kelas VIII-G aya 33,33% tina 36 urang nu teu bisa maké basa Sunda jeung jumlah siswa kelas VIII-H aya 33,33% tina 36 urang nu teu bisa maké basa Sunda mun diitung sacara persenannana.

Nulis laporan lalampahan téh penting ditepikeun lantaran aya dina padoman standar Kompéténsi Dasar Mata Pelajaran Bahasa Daerah dan Sastra Sunda, nyaéta pangajaran nepikeun laporan di tingkat SMP kelas VIII semester 1 nu dijadikeun bahan matéri pikeun nepikeun pangalaman ku cara ngalarapkeun modél *induktif kata bergambar* sangkan siswa bisa karangsang pamikiranana nalika ngébréhkeun pangalaman jeung kajadian nu kaalamanna dina hiji lalampahan maké basa Sunda nu bener jeung merenah, saluyu jeung kekecapan dina gambar nu dilampirkeun. Lantaran pangalaman lalampahan ka hiji tempat téh

biasana sok ninggalkeun kesan nu tuluy cumantél dina haté jeung biasana réa pikaresepeunana, langka tur pikaseurieun.

Nurutkeun Huda (2014, kc. 85) *induktif kata bergambar* mangrupa modél pangajaran nu ngabogaan pangaruh nu kawilang penting pikeun ngawangun kamampuan maca-nulis siswa. Lantaran modél *induktif kata bergambar* téh kaasup kana salahsahiji stratégi pangajaran tambahan anu miboga dadasar jeung pamakéan unik sangkan ngarojong siswa loba maca, ngamekarkeun kandaga kecap, ngamekarkeun katerampilan jeung analisis fonétik (struktural) jeung siswa diperedih diajar maham atawa ngamangpaatkeun teks-teks nu disampakkeun.

Dumasar kasang tukang nu dipedar bisa dicindekkeun yén loba siswa nu can bisa ngalarapkeun kekecap basa Sunda nu bener tur merenah sabab masih loba siswa anu ngawangun diksi jeung kalimahna téh diseuseulan ku basa Indonesia. Lian ti éta siswa kurang maham kana naon ari laporan lalampahan téh jeung kumaha cara nulis laporan lalampahan. Disagedengeun éta motivasi diajar siswa jeung fasilitas buku bacaan atawa kamus ogé kurang ngarojong kana prosés pangajaran basa Sunda.

Dina hakékatna, guru téh merlukeun kaparigelan pikeun ngaronjatkeun motivasi siswa nalika diajar nulis, lantaran pangajaran nulis di sakola kawilang kurang. Ku kituna, kudu ayana stimulus sangkan siswa resep nulis. Modél pangajaran bisa dianggap jadi stimulus sangkan pangajaran nulis laporan lalampahan bisa leuwih ngaronjat. Salahsahiji tarékah pikeun nungkulan pasualan-pasualan nu geus dipedar ku cara ngalarapkeun modél pangajaran *induktif kata bergambar* dina nulis laporan lalampahan.

Panalungtikan tésis jeung skripsi séjén anu nalungtik ngeunaan modél *induktif kata bergambar* diantaranya: tésis karya Anggi, CA (2012) “Pengaruh Model Induktif Kata Bergambar (*Picture Word Induktif Model*) Terhadap Keterampilan Membaca dan Menulis Permulaan Siswa Kelas II SD Negeri Sirnagalih Kecamatan Jatinangor Kabupaten Sumedang”. Jeung skripsi panalungtikan ku Gustini, SS (2014) “Modél *Induktif Kata Bergambar* Pikeun Ngaronjatkeun Pangaweruh Kandaga Kecap Dasar (*Basic Vocabulary*) Basa Sunda (Studi Kuasi Ékspérimén Ka Siswa Kelas VII-D SMP Negeri 15 Bandung Taun Ajaran 2013-2014).

Panalungtikan ngeunaan dipakéna Modél Pangajaran *Induktif Kata Bergambar* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan Lalampahan (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VIII-B SMPN 16 Bandung Taun Ajaran 2015/2016) pérlu diayakeun sabab panalungtikan saacana mah ngagunakeun modél *induktif kata bergambar* téh pikeun nalungtik kaparigelan maca, nulis jeung ngaronjatkeun pangaweruh kandaga kecap dasar (*basic vocabulary*).

Luyu jeung pamadegan sarta pasualan-pasualan nu geus dijéntrékeun di luhur, nu nyusun baris ngayakeun panalungtikan nu judulna “Modél Pangajaran *Induktif Kata Bergambar* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan lalampahan (Studi Kuasi Ekspérimén ka Siswa Kelas VIII-B SMPN 16 Bandung)”.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, anu rék ditalungtik nya éta larapna modél pangajaran *induktif kata bergambar* dina nulis laporan lalampahan di kelas VIII-B SMPN 16 Bandung. Lantaran dina kamampuh nulis laporan téh ngawengku: 1) kualitas jeung lingkup eusi, 2) organisasi jeung tampilan eusi, 3) struktur kalimah jeung diksi, 4) makéna basa, 5) Mekanik atawa éjahan jeung karapihan tulisan. Modél *induktif kata bergambar* dina nulis laporan téh ditilik tina lumangsungna panalungtikan di kelas dina matéri nulis laporan lalampahan, modél pangajaran *induktif kata bergambar* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa sangkan aktif gawé bareng dina kelompokna, ngaliwatan diskusi pikeun nganalisis gambar/foto maké basa Sunda sangkan kandaga kecap nu dianalisisna bisa dilarapkeun jeung dimekarkeun jadi kalimah tur paragraf nalika nulis laporan lalampahan maké basa Sunda nu hadé tur merenah. Nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMPN 16 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*?
- b. Kumaha kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMPN 16 Bandung saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*?
- c. Naha aya bédana anu signifikan dina nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMPN 16 Bandung antara saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Anu jadi tujuan ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus anu kaunggel ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta hayang nguji kaéféktifan naha ieu modél pangajaran *induktif kata bergambar* téh bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis laporan lalampahan siswa nalika dilarapkeun di kelas VIII-B SMPN 16 Bandung, satuluyna ieu modél téh dilaksanakeun di sakola-sakola utamana dina pangajaran basa Sunda umumna dina pangajaran séjén.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadeskripsikeun:

- a. kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMPN 16 Bandung saméméh ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*;
- b. kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMPN 16 Bandung saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*; sarta
- c. signifikan henteuna kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMPN 16 Bandung antara saméméh jeung saenggeus maké modél pangajaran *induktif kata bergambar*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat panalungtikan ieu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis anu kaunggel ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré motivasi jeung pangaweruh ngeunaan nulis laporan lalampahan ngaliwatan modél pangajaran *induktif kata bergambar*, ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan tarékah ngaronjatkeun kamampuh dina nulis laporan lalampahan jeung mére tatapakan ka panalungtik séjén anu baris nalungtik ngeunaan nulis laporan lalampahan.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtik mibanda sababaraha mangpaat praktis nya éta.

- a. Mangpaat pikeun Panulis

Mangpaat anu bisa dihontal ku panulis nya éta sangkan bisa ngaronjatkeun motivasi diajar siswa dina ngarancang sarta ngalaksanakeun pangajaran di kelas ngaliwatan modél anu inovatif jeung ngirut panitén siswa saperti modél pangajaran *induktif kata bergambar* dina medar materi pangajaran;

b. Mangpaat pikeun Guru

Mangpaat dipiharep ku guru nya éta sangkan bisa ngaronjatkeun jeung ngajembarkeun pangaweruh, tur kamampuh dina nangtukeun modél pangajaran anu saluyu jeung kaayaan di lapangan, sarta méré motivasi pikeun pangajaran basa Sunda anu leuwih inovatif sangkan bisa ngirut siswa pikeun diajar;

c. Mangpaat pikeun Siswa

Pikeun peserta didik ieu panalungtikan téh bisa ngaronjatkeun motivasi jeung kamampuh siswa nalika diajar nulis laporan lalampahan ngaliwatan modél pangajaran *induktif kata bergambar* nu bisa ngirut ati sangkan leuwih kamotivasi deui hasil diajar séwang-séwangan;

d. Mangpaat pikeun Dunya Atikan

Mangpaatna pikeun dunya atikan sangkan jadi leuwih euyeub lantaran dilarapkeuna rupa-rupa modél pangajaran dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa Sunda jeung nalika diajar mata pelajaran basa Sunda téh bisa leuwih narik ati sangkan siswa leuwih sumanget; jeung

e. Mangpaat pikeun Nu Maca

Mangpaatna nya éta dipiharep bisa ngabeungharan wawasan jeung pangaweruh, hususna ngeunaan mangpaat modél pangajaran *induktif kata bergambar* dina pangajaran nulis laporan lalampahan, ogé bisa méré pangaweruh kumaha cara maké modél *induktif kata bergambar*.

1.5 Sistematika Penulisan

Sacara gurat badag sistematika dina nyusun skripsi kabagi jadi lima bab, anu diwincik saperti ieu di handap.

BAB I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika nyusun skripsi.

BAB II Ulikan Teori anu medar ngeunaan wangenan modél pangajaran, modél *induktif kata bergambar*, tiori nulis, tiori laporan, tiori laporan lalampahan, medar panalungtikan saméméhna nu ngawengku prosedur, subyek jeung hasil panalungtikanana, kalungguhan tioritis panalungtikan, raraga mikir jeung hipotésis.

BAB III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumen panalungtikan, prosedur panalungtikan, jeung tehnik analisis data.

BAB IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, anu ngawengku kamampuh nulis laporan lalampahan siswa kelas VIII-B SMP Negeri 16 Bandung taun ajaran 2015/2016 saméméh jeung saenggeus dilarapkeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*, uji sipat data, béda signifikan kamampuh nulis laporan lalampahan antara saméméh jeung saenggeus ngagunakeun modél pangajaran *induktif kata bergambar*.

BAB V Medar Kacindekan Implikasi, jeung Saran pikeun hasil panalungtikan nu dilaksanakeunna saenggeus ieu panalungtikan.